

## Medikaman?

Isoniazid (INH) se medikaman pi fò moun itilize pou trete TB inaktif. Yo rekòmande pou timoun pran li pandan 9 mwa. Lòt medikaman yo konn preskri se rifampin ak rifapentine.

Tretman pou TB aktif mande pou pasyan an pran plizye medikaman pandan 6 a 9 mwa. Si moun lan sispann pran medikaman anvan tretman an fini, li gen dwa vin malad ankò. Si li pa pran medikaman jan yo mande l la, jèm TB a ka vin pi djanm e medikaman pap gen efè sou li ankò. TB ki gen resistans kont medikaman yo pi difisil pou trete e tretman yo pi chè. Yon moun ki gen TB avèk rezistans kont medikaman ka dwe pran tretman pandan 18 jouska 24 mwa. Medikaman prensipal kont TB se isoniazid, rifampin, ethambutol, ak pyrazinamide.

Moun ki pran tretman pou TB konn gen lafyèv, anoreksi, pipi yo ka nwè (koulè koka/kafe), yo ka gen jonis, demanjezon, parastezi nan men ak pye, kè plen, doule nan atikilasyon manm yo, vomisman, fatig oswa feblès ki dire plis pase 3 jou, yo ka gen doule nan vant (sitou nan bò dwat), yo ka blese fasil. Gen de medikaman nan tretman pou TB ki ka bay pwoblèm si moun pran yo avèk lòt medikaman (tankou pilil kontraseptif).

## Klinik Wètmò

Nou ofri tès san sou plas, radyografi, egzamen medikal sot nan men spesyalis nan domèn TB, ak medikaman gratis pou TB.

## TIMOUN KI AFEKETE PA TB NAN LEMOND

Gen **10** milyon timoun ki pèdi paran yo akòz de TB

An 2012,  
500 000 timoun tonbe malad ak TB

e 74 000 laden yo mouri.

Men gen tretman ak tout mwayen pou  
Konbat TB nan timoun:

1. FÈ TÈS SANTE POU  
TIMOUN



2. RECHÈCH  
KONTAK



3. TERAPI  
PREVANTIF



[http://www.cdc.gov/globalhealth/images/infographics/large/infographic\\_32114.jpg](http://www.cdc.gov/globalhealth/images/infographics/large/infographic_32114.jpg)

[www.medschool.lsuhs.edu/tb/](http://www.medschool.lsuhs.edu/tb/)  
[dhh.louisiana.gov/index.cfm/page/1005](http://dhh.louisiana.gov/index.cfm/page/1005)  
[www.cdc.gov/tb/](http://www.cdc.gov/tb/)

Klinik Wètmò (Wetmore) pou Tibèkiloz  
Depatman Sante ak Lopital nan  
Lwizyàn

3308 Tulane Ave,  
6th Floor  
New Orleans, LA 70119

Phone: 504.826.2063  
Fax: 504.826.2052

Kreyate: Jerry Wang  
Tradui pa: Vena Joseph

# Tibèkiloz nan timoun




[http://cdn.doctorswithoutborders.org/sites/usa/files/47354\\_kenya.jpg](http://cdn.doctorswithoutborders.org/sites/usa/files/47354_kenya.jpg)

## KLINIK WÈTMÒ POU TIBÈKILOZ

**TB Hotline:**  
**Ms. Maureen Vincent**  
**504.638.7053**

*Gayatri Mirani, MD*  
E-mail: [gmirani@tulane.edu](mailto:gmirani@tulane.edu)



www.cdc.gov/tb/

## Sa tibèkiloz (TB)ye?

Tibèkiloz (TB) se yon maladi ke yon jèm yo rele Mycobacterium tuberculosis koze, ki pwopaje de moun a moun nan lè yo respire. Bakteri sa a lage nan lè depi yon moun ki infekte touse, estène, pale, oswa chante; lòt moun gen dwa respire lè ki kontamine ak jèm sa a e yo ka enfekte. Timoun ki enfekte ak TB gen mwens chans pou yo transmèt maladi a bay lot moun pou tèt kalite maladi timoun yo konn genyen. Ti bebe ak jèn timoun tou piti gen plis chans pou yo devlope fòm grav tibèkiloz (TB ki disemine, oswa TB ak menenjit). Enfeksyon ak jèm TB a ka pran 2 fòm: li ka fè moun ki enfekte a malad ak tibèkiloz (TB aktif), oswa moun la ka gen yon enfeksyon latant, ki vle di jèm lan ap nan moun lan, men li pap santi l' maladi. TB nan timoun se yon pwoblèm sante piblik paske sa yon siy ke transmiyon maladi a resan.

- ◆ An 2013, te gen 9582 ka TB ki te rapòte nan Etazini.
- ◆ 485 (5 pou san) ka yo te nan timoun ki gen mwens pase 15 lane.


## Sa TB aktif ye?

TB aktif oswa maladi TB se lè jèm TB a aktif e ap miltipliye anndan ko maladi la. Moun ki gen TB aktif ap santi li maladi e ap gen senptom TB yo. Lè timoun enfekte, yo gen plis chans pou yo gen maladi TB e y ap maladi pi rapid pase granmoun. Moun ki gen maladi TB ka disemine jèm lan bay lòt moun. Se pa tout moun ki gen jèm TB a nan kò yo k ap maladi ak TB; gen de moun ki gen dwa vin maladi kou yo enfekte (nan lespas kèk semèn), men gen de moun ki ka maladi kèk lane apre yo enfekte. Moun ki gen maladi TB ap teste positif pou jèm TB a. Yo dwe pran medikaman pou trete maladi a.

## Sa TB inaktif (latant) ye?

TB inaktif se lè jèm TB a nan kò yon moun, men moun lan pa santi li maladi. Pi fò moun ki an sante ka konbat jèm la e anpeche li miltipliye lè yo enfekte ak TB. Moun ki gen TB inaktif pa santi yo maladi e yo pap gen ankenn senptom. Moun sa yo ap teste positif nan tès po pou TB. Men yo pap ka enfekte lot moun. Yo ka devlope maladi TB a, men yo ka pran medikaman pou sa pa rive.

Nan Etazini, yo estime ke plis pase 11 milyon moun (4 pou san popilasyon an) gen TB inaktif. Nan zòn 5 a 10 pou san moun sa yo ap devlope maladi TB si yo pa pran medikaman (550.000-1.100.000 moun).



www.cdc.gov/tb/

## Ki tès yo fè pou TB?

Si yon moun pa gen senptom TB, sèl jan yo ka konnen si yo enfekte se nan fè yon tès po tibekilin oswa yon tès san.

Tès po tibekilin (oswa tès Mantou, oswa PPD) pa gen danje pou timoun e yo prefere itilize l pou timoun ki gen mwens pase 5 lane pito yo fè tès san. Tès tibekilin lan se lè yo pran yon ti zegui pou yo mete pwodui tibekilin lan anba po moun y ap teste a. Yon travayè lasante ap verifye si moun lan gen yon reyaksyon lè li tounen pran rezilta apre 2-3 jou.

Tès san pou TB a mezire solidite sistèm iminite moun lan pou l wè ki jan l ap reyaji kont jèm ki koze TB. FDA (US Food and Drug Administration) nan Etazini apwouve 2 tès IGRA (Interferon-Gamma Release Assays), ki se de tès san, tès QuantiFERON® (TB Gold In-Tube test, QFT-GIT) ak tès T-Spot® pou TB.

Tout timoun ki teste positif pou TB, ki gen senptom TB, oswa ki te ekspoze ak yon moun ki te gen maladi TB dwe resevwa egzamen medikal. Pami egzamen sa yo, y ap fè yon egzamen fizik ak yon radyografi. (Tès sa yo dwe fèt anvan yo kòmanse bay timoun lan medikaman pou TB inaktif).

Faktè ki fè moun gen plis risk pou yo devlope maladi TB lè yo infekte:

- ◆ Timoun ki gen mwens pase 4 lane
- ◆ Moun ki pwòch yon granmoun ki gen TB aktif (maladi TB)
- ◆ Moun ki pa gen yon bon sistèm iminite (pou tèt yo gen VIH, kansè, malnitrisyon, yo fè sik, yo gen maladi nan ren, oswa yo itilize anpil steroïd)
- ◆ Moun ki vwayaje nan peyi kote TB andemik
- ◆ Moun ki fèk imigre (< 5 lane) sot nan yon peyi kote gen anpil TB
- ◆ Moun ki pa t fin tretman pou TB anvan
- ◆ Sanzabri, moun ki te nan prizon, nan lopital, nan refij pou sanzabri
- ◆ Moun ki fè dwòg oswa bwè anpil tafya
- ◆ Moun ki rete ak anpil lòt moun nan yon menm kay